



Pou Piblikasyon Imedya: 07/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONIMAN ISTORIK ETA YO LIMEN AN BLE AK BLAN AN SOLIDARITE AK IZRAYÈL

Gouvènè a mande lapolis Eta New York pou yo kowòdone ak fòs de lòd lokal yo ak dirijan kominote yo pou pwoteje sit ki gen risk yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mande pou moniman istorik yo nan tout eta a limen an ble ak blan an solidarite ak Eta Izrayèl apre atak teworis degoutan Hamas yo.

"New York kanpe ak pèp Izrayèl la - jodi a ak chak jou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York fyè dèske li se yonabri pou pi gwo popilasyon jwif andeyò pèp Izrayèl la, epi antanke Gouvènè mwen pran angajman pou m fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou asire kominote sa a jwenn sipò, leve ak pwoteje".

Moniman Eta yo ki pral limen yo gen ladan:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Walkway Over the Hudson ak Zanmi Walkway Over the Hudson
- Kosciuszko Bridge
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)

Nan kòmansman jounen an, Gouvènè Hochul te mande Lapolis Eta New York pou yo kowòdone ak fòs de lòd lokal yo, ki gen ladan NYPD nan Vil New York, pou asire ke tanp adorasyon yo ak lòt sit ki riske yo rete pwoteje. Pandan ke pa gen okenn menas ki konfime nan moman sa a, responsab Eta yo ap kontwole sityasyon an ansanm ak patnè federal nan FBI ak Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS).

Gouvènè a te pale tou ak yon pakèt lidè kominote jwif yo ak responsab eli yo pou yo ofri nenpòt sipò ki nesèsè pandan moman kritik sa a, epi li ap travay ak Depatman Deta (Department of State, DOS) Ameriken an pou asire Nouyòkè k ap vwayaje nan peyi Izrayèl kapab retounen lakay yo san danje.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418